

# Konje Familyal ak Maladi Peye Avi Alekri pou Anplwaye

---

Dat:

Anplwayè:

Adrès Postal:

Nimewo Idantifikasyon Federal Anplwayè a (Federal Employer Identification Number, FEIN):

Non Anplwaye a:

Dat Rekritman:

Avi sa a se pou anplwayè ki gen yon Plan Ranplasman Prive. Li pale sou dwa w ak responsablite w annakò ak pwogram Konje Familyal ak Maladi Peye (PFML) nan Eta Maine. Lalwa egzije pou nou bay nouvo anplwaye yo enfòmasyon sa a nan 30 premye jou travay la.

## Kontribisyon Anplwaye

Konpayi sa a gen yon plan prive pou l reponn ak obligasyon PFML nou an nan Maine. Lalwa di anplwayè yo ka redui jiska mwatye nan yon pousan (0.5%) nan salè chak anplwaye pou l peye kouvèti sa a (jiska menm limit yo fikse pou rediksyon sekirite sosyal la). Y ap rapòte rediksyon an nan fich pèman w lan.

Prelèvman salè w la nan pwogram PFML la ap kòmanse (*Dat Pèman an Kòmanse (Payroll Start Date)*) **(dat (date))** avèk yon to **(to prim asirans (premium rate))** %

## Kalifikasyon pou Konje

Anplwaye ki kalifye yo ka pran jiska 12 semèn pa ane pou prestasyon konje peye nan kad pwogram Konje Familyal ak Maladi Peye (PFML) nan Maine nan pou yo pran swen pwòp pwoblèm sante yo genyen ki grav, pou yo akeyi yon nouvo timoun oswa pou lòt rezon valab. Administratè plan prive anplwayè a ap detèmine si anplwaye a reponn ak kritè kalifikasyon yo annakò ak politik plan yo apwouve a.

## Motif Konje a

Prestasyon PFML yo ap disponib nan ka sa yo.

- **Konje Maladi:** Peryòd kote yon pwoblèm sante grav anpeche w travay.
- **Konje Parantal:** Peryòd pou kreye lyen ak yon timoun ki fèk fèt, plasman familyal oswa adopsyon.
- **Konje pou Swen Familyal:** Peryòd pou pran swen yon pwòch ki gen yon maladi grav.
- **Konje pou Fanmi Militè:** Peryòd pou prepare deplwaman yon manm fanmi an ki militè.
- **Konje Sekirite:** Peryòd pou yon moun asire sekirite l aprè l fin sibi yon abi oswa yon zak vyolans.

Avi Alekri pou Anplwaye: Kouvèti Plan Prive

## **Dwa & Pwoteksyon:**

Anplwaye yo ka pran konje peye si yo reponn ak kritè kalifikasyon PFML Maine nan menm si yo se nouvo avèk yon anplwayè patikilye. Anplwayè yo dwe kenbe kouvèti asirans maladi yon anplwaye pandan yon konje ki apwouve, sa gen ladan l tout kontribisyon anplwayè a.

Yo aplike pwoteksyon travay la aprè 120 jou travay youn dèyè lòt avèk menm anplwayè a. Nan ka sa, anplwayè dwe rebay anplwaye a menm pozisyon an oswa yon pozisyon ekivalan avèk menm pèman an, menm avantaj yo ak menm kondisyon travay yo lè konje a fini.

## **Fason pou w Ranpli von Demann PFML:**

Se (prestatè/konpayi asirans (carrier/self-administered)) ki bay kouvèti PFML (anplwayè (employer)) w la.

Pou w aplike, rele (nimewo telefòn (phone number)) oswa (imèl (email) (adrès imèl (email address))) (oswa ale sou lyen an pou sit entènèt la).

Adrès pou (plan prestatè/konpayi asirans (carrier/self-administered plan)) se (adrès (address))